

Sibvansyon

Misyon nou se pou bay timoun ki gen andikap newolojik finansman pou terapi ki vital, ki pou pèmèt yo atenn pi gwo potansyèl yo. Pou nou rive la, Act4Me ofri de kalite sibvansyon:

Sibvansyon Terapi: Act4Me bay sibvansyon pou terapi pawòl, okipasyonèl ak fizik ki kouvri 1 èdtan terapi pa semèn pandan 1 ane. Chak sibvansyon rive jiska \$3500 yo peye dirèkteman nan klinik la.

Sibvansyon pou Pwodwi Terapi nan Kay: Aplike pou asistans finansye pou Pwodwi pou Terapi ak ekipman pou swen espesyal ki vo jiska \$3500. Lontan, Act4Me te konn bay finansman pou chèz woulant, aparèy pou mache, aparèy pou kanpe ak ekipman pou pale.

Aplikasyon an disponib nan lang Anglè, Panyòl, ak Kreyòl, e yo kapab telechaje li dirèkteman nan lyen ki sou bò goch la.

Tanpri revize kondisyon kalifikasyon yo avan pou w konplete aplikasyon sibvansyon an. Si w kalifye, tanpri konplete aplikasyon an swa pou yon Sibvansyon Terapi oswa Sibvansyon pou Pwodwi Terapi yo.

Kondisyon Jeneral pou Sibvansyon yo:

1. Timoun nan dwe gen mwens ke 18 ane e li dwe ap viv nan Miami-Dade oswa Konte Broward.
2. Timoun nan pa dwe gentan ap resevwa asistans nan Gouvènman U.S la tankou, Medicaid, oswa lòt ki kouvri 100% bezwen terapi yo.
3. Timoun nan ka gen asirans medikal e li ka toujou aplike pou yon sibvansyon nan ka kote kouvèti asirans li pa ase pou kouvri tout depans terapi timoun nan.
4. Dyagnostik medikal ak reta devlopman timoun nan dwe se rezilta yon maladi newolojik. Tanpri gade nan lis National Institute of Neurological Disorders and Stroke ([NINDS](#)) bay la.
5. Dyagnostik medikal ak bezwen pou terapi timoun nan dwe konfime alekri pa doktè timoun nan. Nou mande yon lèt ak dènye evalyasyon nan men terapis aktyèl la tou (lè sa aplikab).
6. Demann Sibvansyon dwe baze sou bezwen finansye ki ka verifye tankou, dènye taks revni fanmi an oswa prèv revni altènatif.
7. Yo dwe itilize Sibvansyon Terapi a sèlman pou terapi timoun nan.
8. Si yo akòde sibvansyon an y ap peye founisè sèvis la dirèkteman e li pa dwe sèvi pou okenn lòt bagay sèlman pou terapi timoun nan.
9. Si yo akòde Sibvansyon pou Pwodwi Terapi nan Kay yo, yo pa kapab vann pwodwi yo oswa chanje yo menm jan yo ka fè pou yon prè e yo dwe retounen yo nan Act4Me.
10. Yo sèlman ka akòde youn nan de opsyon sibvansyon nou yo pa timoun pa ane.
11. Apre premye revizyon aplikasyon pitit ou a, y ap bezwen yon entèvyou nan biwo Act4Me yo avèk omwen yon paran ak timoun nan.

Tanpri pa soumèt aplikasyon w sof si ou konfòme avèk kondisyon ki sou lis anwo a. Santi w alèz pou w soumèt kesyon w yo nan blog nou sou entènèt la oswa kontakte contact@act4me.org.